Injiil bi ngir Xale yi
Kii di ko xamlé

Fu tiisu nit tambale



Ki ko bind: Edward Hughes

Ku def illustration bi: Byron Unger; Lazarus

Ki ko tekki: Christian Lingua

Ki def adaptation bi: M. Maillot; Tammy S.

Nettali 2 ci 60

www.M1914.org

Bible for Children, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé
teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Wolof





Awa tontu ne ko: "Mën nañu lekk bepp doomu garab waayé doomu benn garab rek la ñu teere lekk." Suñu lekke walla suñu laale sax doomu garab gi, dina ñu dee." Jaan gi tontu ne ko: "doo leen dee."

3

"Dingeen mel ni Yàlla boo leen lekke ci doomu garab gi." Awa bëggoon na lekk ci doomu garab gi. Mu degglu jaan bi lekk doomu garab gi.

4

Ba Awa dëddoo ndigalu Yàlla mu jox Adaama mu lekk ci doomu garab gi itam. Adaama mënoon na wax, "Deedeet! Du ma dëddu ndigalu Yàlla."

5

Ba Adaama ak Awa bàkkaare,
ca la ñu xame ni yaramu neen lañu defoon.
Ñu jël ay xobu fiig ngir nëb seen yaram ñu dem nëbëtu ci ganaaw ñax yi ngir Yàlla bañ leena gis.

6

Ba ker gi sedde ci ngoon si Yàlla ñëw ci tool gi. Xamoon na lu Adaama ak Awa defoon. Adaama tuumël Awa. Awa tuumël jaan bi. Yàlla ne, "Jaan gi alku na. Jigéen bi dina am ay métit buy wësin."

7



"Adaama, ndaxte danga bàkkaar, suuf si dina la meññalal ay xaa-xam ak i dagg, doo lekk te beyoo, saw ñaq ngay dunde."

8

Yàlla dàq Adaama ak Awa ñu genn tool gu rafeet gi. Ndax dañoo bàkkaar, noonu ñu takkëlekoog Yàlla mii di joxé dund!

9

Yàlla defar jaasi juy lakke ngir tere leen ñu duggaat ci biir tool gi. Yàlla defaral Adaama aka Awa ay yeeré der. Fan la Yàlla jëlé der yi?

10

Ci ap diir, Adaama ak Awa am ay doom. Ku ñëkk juddu, Kayin, baykat la woon. Seen ñaareelu doom Abel, moom sammkat la woon.



11

Been bës Kayin indil Yàlla lu mu sàkke ci mbayam jébbël ko ko. Abel indi xar yu gëna baax yu jògge ci géttëm jébbël ko Yàlla. Mayeb Abel nag Yàlla nangu woon na ko.



12

Waaye Yàlla nanguwul woon mayeb Kayin. Loolu waaral Kayin mer lool. Wante Yàlla ne, "Boo defe lu baax, xanaa dees na la nangul?"



13

Merub Kayin deñulwoon. Ba waral mu sóng Abel-rey ko! Ci tool bi.



14

Yàlla wax ak Kayin ne ko: "Fan la sa rak Abel nekk?" Kayin fén ne ko: "Xamu ma ko". "Xanaa ma waara sàmm sama rakk?" Yàlla dindi kattanu bey bu mu joxoon Kayin def ko mu nekk ab waxamane.

15

Kayin sori teewayu Boroom bi. Mu sey ak doomu Adaama ak Awa bu jigéen. Noonu ñu am ay doom.



16

Ci diir bu gaat, sëttu Kayin yi ak ay sëtti sëttëm féesal dëkk bu mu sancoon.



17

Ci diir boobu itam, ñjabootu Adaama ak Awa yooku ci diir bu gaaw. Ci bës yooya nit yi dañu doon dund lu yaag lu wuuteg tey jii.



18

Ba doomam Set juddoo, Awa ne, "Yàlla jox na ma Set ngir wuutu Abel." Set nekkoon na ap góoru yàlla mu dund 912 at ba am ay doom yu bëri.



19

Nit yi di gën di bon ni askaan yi di toppëlantée. Ba tax Yàlla tan yakk xeetu nit ki te ...

20



Fu tiisu nit tambale

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Ñjàlbéen ga 3-6

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Yàlla xam na ni def nañu ay mbiir yu bon,
yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee.

Yàlla def ñu bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi ngir fay suñuy bàkkaar. Yeesu dekki ba deluwat ci kaw asamaan! Leegui Yàlla mën na ñu baal suñuy bàkkaar.

Boo bëggé dëdu say bàkkaar, waxal lii Yàlla: Yow Yàlla, gëm na ni Yeesu dée na ngir man té mungui dundat leegui. Mangui la koy ñaan ñëwël ci sama dund té baal ma samay bàkkaar, ba ma mëna am dund gu bees leegui, té ma mëna nekk ak Yoow ba faaw. Dimbalima ngir ma mëna dund ngir yow ni Sa doom.
Amiin. Yowaana 3:16

Jàngal Injiil bi té waxal ak Yàlla bës bu nekk!